**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—07.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भारती जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता नरेन्द्र मोदी रवि दिन तेसर बेर प्रधानमंत्री पदक शपथ लेताह। शपथ ग्रहण समारोह राष्ट्रपति भवन मे सांझ छओ बजे आयोजित कयल जायत। आइ एन डी ए संसदीय दलक बैसारक बीच भाजपा नेता प्रह्लाद जोशी ई जनतब देलनि। राष्ट्रपति द्रोपदि मुर्मु, श्री नरेन्द्र मोदी आओर नव मंत्रीमंडल के शपथ दिऔतिह। एहि सँ पहिने राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन, एन डी ए आइ राष्ट्रपति द्रोपदि मुर्मुक सोझा सरकार बनेबाक दावा पेश कयलक। एन डी एक एक प्रतिनिधि मंडल राष्ट्रपति के घटक दलक समर्थन पत्र सौपलनि। प्रतिनिधि मंडल मे भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री अमित शाह, राजनाथ सिंह, भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा आओर जदयू अध्यक्ष नीतीश कुमार सहित एन डी एक कतेको वरिष्ठ नेता सभ छलाह।

---

दावा पेश कयला सँ पहिने एन डी ए संसदीय दलक बैसार मे आइ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के संसदीय दलक नेता चुनल गेल। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह एन डी ए संसदीय दलक नेताक रूप मे नरेन्द्र मोदीक नामक प्रस्ताव कयलनि। श्री सिंहक प्रस्तावक केन्द्रीय मंत्री अमित शाह, नितिन गड़करी आओर टीडीपी प्रमुख चंद्रबाबू नायडु, जदयू अध्यक्ष आओर बिहारक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित एन डी एक सभ घटक दल समर्थन कयलक। श्री मोदीक नामक प्रस्ताव करैत श्री सिंह जनौलनि जे ओ ई पद लेल सभ सँ निक व्यक्ति छथि। ओ जनौलनि जे ई गठबंधन कोनो मजबूरी नहि, ई हमर प्रतिबद्धता अछि। जदयू अध्यक्ष नीतीश कुमार प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक लेल समर्थन जतबैत जनौलनि जे आब हम सभ नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे मिलि कऽ काज करब।

---

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान आओर हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक जितनराम मांझी श्री मोदीक नामक समर्थन करैत जनौलनि जे पछिला दस वर्ष मे जे काज पूरा नहि भऽ सकल ओ सभ अगिला पांच वर्ष मे पूरा भऽ जायत।

——————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे एन डी ए भारतक असलि आत्मा अछि। ओ जनौलनि जे एन डी ए माने – न्यू, डेवलप आओर एस्पिरेशनल इंडिया अछि। श्री मोदी आइ एन डी ए संसदीय दलक नेता चुनल गेलाक बाद घटक दलक सांसद सभ के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे एन डी सरकार अपन तेसर कार्यकाल मे लोक सभ सँ कयल गेल सभ वादा के पूरा करत। प्रधानमंत्री जनौलनि जे पछिला दस वर्ष मे एन डी ए सरकार गरीब कल्याण आओर सुशासन के देखलक अछि, एहि लेल लोक सभ एक बेर फेर सँ एन डी ए पर अपन भरोसा जतौलनि। श्री मोदी कांग्रेस आओर विपक्षी गठबंधन पर कटाक्ष करैत जनौलनि जे ई सभ दल पहिने शनैः–शनैः डूबि रहल छल आओर आब तेज गति सँ गर्त मे जायत। प्रधानमंत्री एन डी ए घटक दल द्वारा हुनका पर एक बेर फेर सँ भरोसा जतेबाक लेल धन्यवाद देलनि।

——————————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान पार्टी संसदीय दलक नेता होयताह। नव दिल्ली मे पार्टी सांसद सभक भेल बैसार मे हुनका सर्वसम्मति सँ संसदीय दलक नेता चुनल गेल। एम्हर, जदयू संसदीय दलक बैसार मे सांसद सभ पार्टी अध्यक्ष नीतीश कुमार के संसदीय दलक नेता चुनबाक लेल अधिकृत कयलनि। पार्टीक वरिष्ठ नेता आओर सांसद राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह ई जनतब देलनि।

——————————————————————————

लोकसभा चुनावक काज मे लापरवाही वरतबाक आरोप मे सुपौलक जिला परिवहन पदाधिकारी मोहमद मंजुर आलम के निलंबित कऽ देल गेल अछि। सामान्य प्रशासन विभाग एहि लेल अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि।

——————————————————————————

प्रदेशक दक्षिणी क्षेत्र मे पछिया हवा आओर आर्द्रता बढला सँ लोकसभ उमस भरल गर्मीक सोझा कऽ रहल छथि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच एकतालीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग वैशाली राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। ओतहि, राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान उनचालीस डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम विभागक जनौलक अछि जे अगिला दू दिन मे राज्यक अधिकतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस बढि सकैत अछि। संगहि, गया, नवादा, जहानाबाद आओर शेखपुरा सहित राज्यक दक्षिण पश्चिम क्षेत्र मे लू सेहो चलि सकैत

अछि। मौसम वैज्ञानिक जनौलनि अछि जे राज्यक उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे हल्लूक वारिश सेहो भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक बगहा मे गंडक नदी मे फराक–फराक घाट पर  डूबला सँ चारि बच्चाक मृत्यु भऽ गेलनि, जाहि मे तीन बच्ची छथि।

औरंगाबाद जिलाक एक अदालत हत्याक चारि वर्ष पुरान मामिला मे सोलह दोषी के आजिवन कारावासक सजा सुनौलक अछि। संगहि अदालत सभ पर अर्थदंड सेहो लगौलक अछि।

अररिया जिलाक रानीगंज थानाक ठेकपुरा गाम मे पुलिस एक वाहन सँ एक सय एकहत्तरि लीटर विदेशी शराब बरामद कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।